

QFLOW

YON GID ETAP PA ETAP

Florida
HEALTH
WIC Florida

ETAP 1



RELE NOU

Rele youn ajan WIC nou ki gen anpil enfòmasyon nan **(786) 336-1300** pou ka fè yon randevou oswa chanje randevou WIC ou a. Ajan yo disponib pou ede w Lendi jiska Vandredi, 7:15 nan maten pou rive 5:00 nan apremidi.


ETAP 2

PLANIFYE

Ajan WIC a pral pran enfòmasyon ou yo epi pran yon randevou pou dat, lè, ak kalite randevou (**an pèsòn oswa vityèl**) ou bezwen an. Klike la a pou w jwenn yon lis sant WIC Miami-Dade nou yo.



ETAP 3



RAPÈL

Yon semèn anvan randevou WIC ou a, w ap resevwa yon mesaj tèks ki konfime dat ak lè w randevou w lan. Anrejistre **(833) 612-2215** nan telefòn ou kòm "Miami-Dade WIC" pou pwochen mesaj nou voye pou ou yo!

ETAP 4

DOKIMAN YO

Anvan randevou w la, telechaje nenpòt dokiman ki nesesè sou **aplikasyon Florida WIC la**. Li fasil ak pratik. Si w nouvo nan Pwogram WIC, ou ka itilize opsyon sa a **apre** premye randevou WIC ou a.




Florida WIC

ETAP 5

2ÈM RAPÈL

Yon (1) jou anvan randevou WIC ou a, w ap resevwa yon mesaj tèks ki konfime dat ak lè randevou w la. Anrejistre **(833) 612-2215** nan telefòn ou kòm "Miami-Dade WIC" pou pwochen mesaj nou voye pou ou yo!



ETAP 6


ANREJISTRE

15 minit anvan randevou WIC ou a, w ap resevwa yon mesaj tèks pou w anrejistre pou randevou w la. Si randevou w la an pèsòn, rive alè nan sant WIC ou a (pa reponn 1 si w gen yon randevou an pèsòn). Si w gen you randevou vityèl (telefòn) / teleWIC, reponn "1".



ETAP 7 - 9 SE POU TELEWIC / RANDEVOU VITYÈL SÈLMAN

ETAP 7




TeleWIC sèlman

Aprè w fin anrejistre pou randevou teleWIC vityèl oua, y ap mete w nan yon **liy datant vityèl (telefòn)**. Ou pral resevwa yon mesaj tèks ki konfime ou anrejistre nan ak nimewo ou ye kounye a nan liy. Tanpri pran pasyans, yon ajan WIC ap avèk ou byento.

ETAP 8

PARE

Lè yon ajan WIC pare pou l wè w, w ap resevwa yon mesaj tèks ak **yon lyen ak nimewo PIN**. Klike sou lyen an epi yon nouvo fenèt ap parèt sou navigatè entènèt ou a. Ou pral bezwen nimewo PIN an pou kòmanse.



ETAP 9

TCHAT SOU VIDEYO

Aprè w fin klike sou lyen an, w ap rive sou ekran randevou vityèl la. **Antre "PIN"** nan bwat tèks ki anba paj la epi klike sou **konekte**. Apèl videyo teleWIC ou a ap kòmanse! Pou fini apèl la, tou senpleman rakwoche. Ou pral resevwa yon mesaj tèks pou swiv eksperyans ou avèk nou. Nou apresye fidbak ou.

